

# POU KISA LAPOLIS KANPE MOUN?

Gen anpil diferan rezon ki fè lapolis ka kanpe ou. Kèlkeswa rezon a, ofisye a bezwen kolaborasyon ou.

- Ou te ka fè yon vyolasyon sikilasyon an.
- Ou ka sanble avèk deskripsyon yon moun yo sispèk.
- Ofisye a ta ka panse ou gen pwoblèm epi ou bezwen èd.
- Ou ka te temwen yon krim.

Si lapolis kanpe ou pandan w ap kondi, ou ka santi ou gen konfizyon, gwo-gwo enkyetid, oswa ou ka menm fache. Sansasyon sa yo se sansasyon natirèl, men sonje, kontwòl sikilasyon an kapab bay estrès ak danjere pou ofisye lapolis la. Chak ane, yo ansasinen yon kantite ofisye lapolis oswa yo pran chòk grav pandan y ap fè kontwòl "woutin" sikilasyon an. Ofisye lapolis yo frajil sitou pandan lè ki gen fènwa.

***Nan men lide sa a, gen bagay oumenm, antan yon moun ki dwe respekte lalwa, kapab fè pou ede diminye aspè dezagreyab eksperyans lan.***

## SA POU SONJE:

**NAN TOUT SITIYASYON LÈ LAPOLIS KANPE YON MOUN, MOUN NAN GEN OBLIGASYON POU KOLABORE AVÈK ENSTWIKSYON LAPOLIS.**

Lwa Eta New York sou Machin ak Sikilasyon Machin (NYS Vehicle & Traffic Law) egzije pou tout chofè bay dwa pasaj pou veyikil ijans yo. Chofè yo dwe mete yo sou kote imedyatman ki paralèl avèk pwent dwat la, yo dwe kanpe epi rete nan pozisyon kanpe jouk lè machin ijans lan pase.

## MEN SA POU SONJE LÈ LAPOLIS KANPE OU:

1. Yon ofisye lapolis ka rete ou nenpòt lè pou yon vyolasyon sikilasyon an oswa pou yon ankèt lapolis.
2. Lè ou wè limyè wouj anlè yo epi/oswa lè ou tande sirèn, rete kalm epi mete ou sou kote ki paralèl avèk bò dwat wout la san pwoblèm.
3. Rete nan machin ou sof si ofisye a ba ou lòt enstwiksyon.
4. Mete men ou sou volan an pou ofisye a kapab wè yo. Si ou kache men ou sa kapab endike danje pou yon ofisye.
5. Pa fè mouvman toudenkou, sitou atè nan machin nan, nan chèn dèyè oswa sou bò pasaje machin nan. Ofisye a kapab entèprete aksyon sa yo tankou si w ap pran zam.
6. Pa pran lisans ou oswa lòt dokiman imedyatman jouk lè ofisye a mande ou yo. Lalwa Eta New York egzije pou montre lisans ou, pape anrejistremant ak asirans ou.



7. Si dokiman ou yo pa pre ou, fè ofisye a konnen kote yo ye anvan ou lonje men ou pou pran yo.
8. Si se nan fènwa lapolis kanpe ou, limen limyè ki nan plafon machin nan oswa limyè ki andedan machin nan yon fason pou ofisye a kapab wè si tout bagay annòd san menas ki kache.
9. Si gen pasaje nan machin ou, ankouraje yo pou yo rete trankil epi pou yo kolabore avèk enstwiksyon yo. Oumenm, kòm chofè, se sèl moun ki responsab pou machin ou ak moun ki nan machin nan.
10. Ofisye a ka ba ou yon kontravansyon. Si ou panse rezon an vag oswa pa klè, mande ofisye a detay yo.
11. Evite vin agresif. Si ou vin agresif sa p ap chanje lide ofisye a. Si ou konteste vyolasyon an, w ap gen yon okazyon pou prezante afè a nan tribinal.
12. Anpil depatman itilize machin patwouy ki gen yon ofisye, sitou nan banlye yo. Pa enkyete si ou wè plis pase yon machin lapolis pou yon kontwòl sikilasyon.
13. Finalman, si ou resevwa yon kontravansyon, pran resi a kontravansyon yon jan kalm. Lè ou aksepte kontravansyon an sa pa vle di ou admèt ou koupab.

Chak sityasyon inik epi ofisyè lapolis la dwe amonize repons li pou adapte avèk sikonstans yo.

## ANJENERAL, YON OFISYE LAPOLIS:

- Ap bay non li ak nimewo badj li si ou fè demann lan.
- Yon ofisyè lapolis ki pa gen inifòm sou li ap prezante bon jan idantifikasyon li; ou ka mande pou egzamine pyès idantifikasyon li pou ou ka verifye si li se yon ofisyè lapolis toutbon.
- Ap fè yon moun konnen rezon ki fè li kanpe moun nan.
- Ap itilize sèlman lafòs ki nesèsè pou arete yon moun ki sispèk epi pou kenbe prizonnye a an gadavi.
- P ap fouye kò yon moun ki sèks opoze avèk li sof pou evite chòk pou ofisyè a oswa pou yon lòt moun, oswa pou evite moun nan jete oswa detwi prèv yo, epi
- Ap arete yon moun sèlman pou yon zak moun nan fè an prezans ofisyè a, oswa lè ofisyè a gen rezon valab pou kwè moun nan fè krim nan toutbon.
- Depatman Lapolis Konte Suffolk (Suffolk County Police Department) p ap chèche konnen sityasyon imigrasyon moun ki viktim yo, temwen yo, oswa moun ki mande oswa ki resevwa èd lapolis.



## KESYON / PLENT / KONPLIMAN

Depatman Lapolis Konte Suffolk ap kontan resevwa remak ou. Ou rapòte konpliman oswa plent konsènan Depatman Lapolis Konte Suffolk oswa konsènan anplwaye li yo ba nenpòt sipèvizè ki nan SCPD oswa depi ou rele Biwo Afè Entèn (Internal Affairs Bureau) nan nimewo (631) 852-6265; oswa, depi ou kontakte Komisyon Konte Suffolk pou Dwa Moun (Suffolk County Human Rights Commission) dirèkteman nan nimewo (631) 853-5480.

<b>Katye Jeneral Lapolis</b> 30 Yaphank Avenue, Yaphank	852-6000
<b>Biwo Afè Entèn,</b> Yaphank Nimewo gratis	852-6265 1-888-382-1798
<b>Inite kont Krim Lahèn, Yaphank</b>	852-6323
<b>1<sup>ve</sup> Komisarya</b> 555 Rt. 109, Lindenhurst	854-8100
<b>2<sup>yem</sup> Komisarya</b> 1071 Park Avenue, Huntington	854-8200
<b>3<sup>yem</sup> Komisarya</b> 1630 5 <sup>th</sup> Avenue, Bay Shore	854-8300
<b>4<sup>yem</sup> Komisarya</b> 727 Veterans Memorial Hwy, Smithtown	854-8400
<b>5<sup>yem</sup> Komisarya</b> 125 Waverly Avenue, Patchogue	854-8500
<b>6<sup>yem</sup> Komisarya</b> 400 Rt. 25, Selden	854-8600
<b>7<sup>yem</sup> Komisarya</b> 1491 William Floyd Parkway, Shirley	852-8700



Ale sou Sitwèb nou nan [www.suffolkpd.org](http://www.suffolkpd.org)

Liy Dirèk Konfidansyèl pou Rapòte Krim

1-800-220-TIPS

Voye tèks: **SCPD + mesaj** nan 274637

Oswa: [www.tipsubmit.com](http://www.tipsubmit.com)



# SA POU FÈ LÈ LAPOLIS RETE OU



[www.SuffolkPD.org](http://www.SuffolkPD.org)  
PDCS-7148b